# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ортасында «Илим - бахыт гилти» сүрени астында «Қызларжан» оқыўшы-қызлар саммитин онлайн тәризде шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў олардың жәмийетте белсенди қатнасыўын тәмийинлеў системасын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2021-жыл ПҚ-5020-санлы қарарының ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-октябрьдеги 340-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-октябрьдеги «Улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ортасында «Илим - бахыт гилти» сүрени астында «Қызларжан» оқыўшы-қызлар саммитин онлайн тәризде шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында»ғы 340-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Төмендегилер:

«Илим - бахыт гилти» сүрени астында «Қызларжан» оқыўшы-қызлар саммити (кейинги орынларда - саммит) 2021-жыл 4-ноябрь күни оқыўшыларды кәсип-өнерге бағдарлаў ҳәм психологиялық-педогогикалық республикалық диогностика орайында онлайн тәризде өткерилиўи;

саммитти шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша шөлкемлестириў комитети қурамы 1-қосымшасына муўапық;

улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ортасында саммитти шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби 2-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

оқыўшы-қызлар ортасында саммиттиң үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў;

билимлендириў мәкемелеринде самиттиң үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў бойынша улыўма орта билим бериў мектеплериниң жаслар жетекшилерин ҳәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасарларын тиккелей жуўапкер етип белгилеў;

усы жылдың 28-октябрь сәнесине шекем саммитте қатнасыўды қәлеўши оқыўшы-қызларды бирге ислесиўши шөлкемлерди қамтыған ҳалда белгиленген квоталарға муўапық таңлаў ҳәм олардың дизимин 28-октябрьге шекем

министрликке усыныў;

республика саммити онлайн тәризде шөлкемлестирилип атырғанлығын есапқа алып жергиликли студиялардан “Қызларжан” оқыўшы-қызлар клубларының белсенди ағзаларының қатнасыўын тәмийинлеў;

республика саммити даўамыйлығын муўапықластырыў мақсетинде саммитти аймақларда жоқары дәрежеде өткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Министр орынбасары (Ш.Таджимуратов)на:

саммитти бирге ислесиўши шөлкемлер менен биргеликте жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм өткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

5. Министрликтиң ҳаял-қызлар басланғыш шөлкеми баслығы (А.Тлеўниязова)на:

улыўма орта билим бериў мектеплериндеги “Қызларжан” оқыўшы-қызлар клублары жумысларын муўапықластырып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. Педогогикалық-психологиялық диогностика жумысларын шөлкемлестириў секторы баслығы (Е.Нуртаев)на:

саммитти онлайн тәризде министрликтиң мәжилислер залында шөлкемлестириў ҳәм өткериў илажларын көриў;

саммит шеңберинде шеберлик сабақлары ҳәм тренинглер шөлкемлестириў бойынша тәжрийбели қәнигелерди қамтыў;

саммитти шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы бағдарламаны бир ҳәпте мүддетте тренерлар менен келисилген ҳалда ислеп щығыў ўазыйпалары жүклетилсин.

7. Министрликтиң баспасөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)не:

саммитти ғалаба-хабар қураллары ҳәм министрликтиң рәсмий веб-сайтында кең жарытыў илажларын көрсин.

8. Атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлар менен ислесиў бөлими (М.Есбосынов)не:

усы буйрықты 1 күн мүддетте қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлерине жеткерип берилиўин тәмийинлесин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «25» Октябрь
№ 229

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 25-октябрьдеги 229-санлы буйрығына қосымша

## Улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ортасында «Илим - бахыт гилти» сүрени астында «Қызларжан» оқыўшы-қызлар саммитин онлайн тәризде шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша шөлкемлестириў комитети қурамы

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | | Министр орынбасары, исши топар баслығы |
| 2. | А.Тлеўниязова | - | Методикалық хызмет бөлими методисти, исши топар қурамының жуўапкер хаткери |
| | **Ағзалары:** | | |
| 3. | М.Өмирзақова | - | Педогогикалық-психологиялық диогностика жумысларын шөлкемлестириў секторы қәнигеси |
| 4. | Ө.Хабибуллаев | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң бас қәнигеси |
| 5. | Т.Даўлетмуратов | - | Министрликтиң баспа сөз хаткери |
| 6. | Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм де республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорлары | - | Дизим бойынша |